

Gid: Ki jan pou w mande pou yo retire monitè GPS ou¹

Gid sa a fèt kòm yon resous pratik pou moun ki pwòp avoka tèt yo (moun san avoka) epi li pa ranplase konsèy legal ki soti nan yon avoka ki gen eksperyans. Lwa imigrasyon an konplèks epi li toujou ap chanje, e se poutèt sa li toujou pi bon, si sa posib, pou jwenn konsèy sou ka w la nan men yon avoka oswa yon defansè ki abitye ak lwa imigrasyon an. Ou ka itilize anyè "Chèche yon Avoka" nan Asosyasyon Avoka Imigrasyon Ameriken (AILA) (<https://www.ailalawyer.com/>) pou jwenn yon avoka imigrasyon ki ka ede w ak ka w la.

Gid sa a pral eksplike kijan pou w mande ICE pou retire monitè GPS ou (monitè cheviy, monitè ponyèt, oswa aplikasyon SmartLINK).

Dapre politik ICE, ICE sipoze diminye nivo sipèvizyon moun ki nan Pwogram Sipèvizyon Entansif Aparisyon (ISAP) sou tan. ICE sèlman sipoze ogmante sipèvizyon si yon moun resevwa yon lòd pou yo depòte oswa si yo vyole règleman ISAP yo. Men, souvan, ICE kite yon monitè GPS sou yon moun pandan mwa oswa ane, menm lè moun nan pa gen okenn vyolasyon nan pwogram nan.

Se poutèt sa, li enpòtan pou w konnen ki jan pou w mande ICE dirèkteman pou retire monitè GPS ou atravè yon pwosesis yo rele “de-eskalasyon,” ki vle di diminye nivo kondisyon sipèvizyon ISAP ou yo.

Ki moun ki an chaj monitè GPS mwen an?

Monitè GPS ou a fè pati pwogram ISAP la. Objektif ISAP se asire ke moun parèt nan odyans tribinal yo epi konfòme yo ak nenpòt lòd depòtasyon. Gen de antite diferan ki gen kontwòl sou monitè GPS ou a: ICE ak yon konpayi yo rele BI, ki gen yon kontra ak ICE pou jere ISAP. Manadjè ka ISAP ou pou tchek-in ou yo travay pou BI. BI jere monitè GPS yo, ki gen ladan aplikasyon SmartLINK la, epi li resevwa alèt ki soti nan monitè GPS ou a. Si gen yon bagay ki pa mache ak monitè GPS ou a, anjeneral, se biwo BI ou dwe kontakte.

Se sèlman ICE ki gen otorite pou retire monitè GPS ou a epi fikse nouvo kondisyon pou patisipasyon ou nan ISAP, men BI ka fè rekòmandasyon bay ICE.

Kilè ICE sipoze retire monitè GPS la?

¹ Gid sa a adapte soti nan yon resous pou pwòp avoka tèt yo ki te devlope orijinalman an 2016 pou moun ki pa sitwayen nan zòn San Francisco pa Klinik Dwa Imigran Lekòl Dwa Stanford nan non San Francisco Immigrant Legal Defense Collaborative. Nou apresye anpil kontribisyon yo nan travay sa a.

Chak ka ISAP ta dwe revize chak 30 jou, selon yon politik ICE ki te pibliye an 2021. Règleman ICE yo di tou ke ICE ta dwe swiv yon orè "wo-ba-wo" lè y ap etabli kondisyon sipèvizyon ISAP, ki gen ladan itilizasyon monitè GPS.

- Sa vle di ke nan kòmansman yon ka tribinal imigrasyon, ICE anjeneral mete yon moun sou yon nivo sipèvizyon ki pi wo, ki gen ladan yon monitè GPS, tchek-in souvan, ak lòt kondisyon posib.
- Apre 90 jou, si moun nan pa gen okenn vyolasyon nan pwogram nan, ICE ta dwe mete yo sou yon nivo sipèvizyon ki pi ba, tankou tchek-in mwens souvan oswa yon chanjman nan monitè GPS soti nan monitè cheviy nan SmartLINK oswa pa gen okenn monitè GPS ditou.
- Vyolasyon pwogram yo gen ladan yo arete oswa akize pou yon krim, manke yon dat tribinal oswa yon tchek-in, oswa kite eta a san pèmasyon avan nan men ICE. Vyolasyon pwogram yo ka mennen ICE ogmante nivo sipèvizyon an oswa kenbe li wo pou yon tan pi long. Menmsi sa, ICE ta dwe revize ka moun nan ankò nan 30 jou.

Pita, si moun nan resevwa yon lòd depòtasyon, ICE anjeneral ap ogmante nivo sipèvizyon an oswa kenbe moun nan sou yon nivo sipèvizyon ki wo, swa pandan moun nan ap fè apèl kont lòd depòtasyon an oswa pandan ICE ak moun nan ap fè aranjman pou moun nan depòte.

Ki jan pou mande ICE retire monitè GPS la?

Ou ta dwe kòmanse pa pale ak manadjè ka ISAP ou sou diminye nivo kondisyon sipèvizyon ou yo. Di yo sou enpak kondisyon yo, kit se frekans tchek-in yo, oswa tan long ki ka gen yon apèl tchek-in, oswa kalite aparèy siveyans lan. Mande yo si yo ta ka konsidere ba ou yon lè espesifik pou tchek-in ou olye yon long fenèt tan, oswa fè tchek-in yo mwens souvan, pou egzanp chak mwa olye chak semèn. Mande si yo ta ka konsidere rekòmande bay ICE pou yo diminye nivo kondisyon sipèvizyon ou yo.

Si ou te pale ak manadjè ka ISAP ou a epi yo pa chanje kondisyon sipèvizyon ou yo, ou ka mande ICE dirèkteman pou retire monitè GPS la oswa chanje kondisyon sipèvizyon ou yo yon lòt fason.

Nòt: Si ou ansent oswa ou gen lòt kondisyon medikal ki afekte pa monitè GPS la, ou ta dwe mande pou yo retire monitè GPS la imedyatman. Ou pa oblije tann 90 jou.

Etap pou swiv lè w ap mande ICE:

1. Ekri yon lèt pou ICE

- Atache nan gid sa a gen twa kopi yon lèt ou ka itilize pou mande retire monitè cheviy ou, VeriWatch, oswa aplikasyon SmartLINK lan. Objektif lèt la se montre ke w ap ale nan odyans tribinal ou yo, menm si ou pa gen yon monitè GPS.

- Nou kite espas vid pou ou ranpli. Tcheke nenpòt ti bwat ki aplike pou ou.
- Seksyon “Lòt Enfòmasyon” an se yon opòtinite pou eksplike poukisa ou serye epi w ap ale nan tout odyans tribinal ou yo.

2. Remèt lèt la bay ICE an pèsonn ak/oswa pa imèl.

- Lè ou fin ranpli lèt la, remèt li nan yon Biwo ICE.
- Lè ou fin ranpli lèt la, remèt li nan yon Biwo ICE.
- Si ou pa kapab remèt lèt la an pèsonn, ou ka voye l bay ICE pa imèl tou. Adrès imèl yo ka jwenn isit la: <https://www.ice.gov/contact/field-offices>
- Ou ka remèt lèt la bay ISAP tou. Anjeneral, ou pa bezwen randevou pou ale nan ISAP.

3. Swiv ak ICE apre ou fin fè demann ou an.

- Si ajan ICE a pa ba ou yon repons imedyata sou si ICE ap retire monitè GPS la, ou ta dwe swiv kèk jou oswa yon semèn pita. Kontinye swiv jiskaske ou jwenn yon repons pou demann ou an.
- Si yo refize demann ou an, mande poukisa.
- Si yo refize premye demann ou an, tann 30 jou ankò epi fè yon lòt demann.
- Kontinye eseye jiskaske yo retire monitè GPS ou a. Ou ka mande tou pou sipèvizè ajan ICE la revize ka ou si ou panse ke ajan ICE la te pran yon move desizyon oswa si li pa konsidere demann ou an.

Ki faktè ICE konsidere lè yo decide si yo pral retire monitè GPS la?

1. Èske ou te swiv tout règ ISAP yo?

- Si ou aksidantèlman vyole yon règ ISAP, tankou manke yon randevou tchek-in, pa chaje monitè GPS la, oswa manke yon vizit lakay ou, kontakte ICE oswa manadjè ka ISAP ou imedyatman pou eksplike sa ki te pase. Kenbe nòt oswa foto sou eseye ou fè pou ranje erè ou a oswa pou rezoud yon pwoblèm ak aparèy siveyans GPS la.
- Menm si ou te fè yon ti erè, ou ka toujou kalifye pou retire monitè cheviy ou.
- retire.

2. Èske ou gen yon nimewo telefòn serye?

- Sa pa gen pwoblèm ki konpayi telefòn ou itilize. Asire w ke nimewo telefòn ou aktif, epi fè ICE/ISAP konnen si ou chanje li.

3. Èske ou gen yon paspò?

- ICE vle yon paspò kòm prèv sou ki peyi ou soti, men ou pa bezwen youn pou yo retire monitè ou a. Si li difisil pou ou jwenn yon paspò pou lòt rezon, eksplike rezon sa yo bay ajan an epi di ajan an sou efò ou te fè pou eseye jwenn yon paspò.
- *Si ou pè aplike pou yon paspò nan peyi ou paske ou pè retounen nan peyi ou, tanpri eksplike poukisa bay ajan an epi konsilte yon avoka anvan ou ale nan konsila a pou aplike pou paspò ou.*

Lèt pou ISAP ak ICE

Atache nan gid sa a gen yon lèt ki mande pou retire monitè GPS ou (monitè cheviy, monitè ponyèt, aplikasyon SmartLINK). Tanpri ranpli lèt la epi pote yon sèl lèt la (pa tout gid sa a) bay ISAP oswa ICE. Nou te ba ou twa kopi pou ou ka ekri plizyè lèt si ICE pa dakò pou retire monitè GPS ou apre premye demann lan.

Nòt: Tout enfòmasyon ki nan lèt la dwe an anglè pou ICE kapab li li. Ou ka vle gen yon zanmi oswa yon manm fanmi ki li ak ekri anglè pou ede ou ranpli lèt sa a.

Nou rekòmande anpil pou w fè yon kopi nenpòt lèt anvan ou remèt li bay ICE oswa ISAP. Konsa w ap gen prèv ke ou te mande pou yo retire monitè GPS ou a. Ou ta dwe kenbe kopi a pou dosye pèsònèl ou. Ou ka voye lèt la bay ICE pa imèl tou, ki pral sèvi kòm prèv ke ou te soumèt demann lan.

Dat: _____

Adrès Ou: _____

RE: DEMANN POU DIMINYE NIVO KONDISYON SIPÈVIZYON

- Premye Demann** **Dezyèm Demann** _____ **Demann**

Chè Ajan,

Mwen ekri pou mande pou ou diminye nivo kondisyon sipèvizyon ATD mwen yo pou monitè GPS mwen an ka retire ak/oswa pou kondisyon tchek-in ISAP mwen yo ka diminye oswa elimine.

Non mwen se _____ Nimewo A mwen se _____

Deklarasyon sa yo aplike pou mwen (tcheke tout sa ki aplike).

- Mwen gen monitè GPS mwen an depi omwen 30 jou.
- Mwen te regilyèman fè tchek-in ak ajan ICE mwen an.
- Mwen gen yon nimewo telefòn serye. Nimewo mwen aktyèl la se _____

- Mwen regilyèman kenbe monitè GPS mwen an chaje.
- Mwen gen yon paspò valab.
- Mwen pè retounen nan peyi mwen, kidonk mwen pa ka jwenn yon paspò.
- Mwen pa te kapab jwenn paspò mwen paske

Mwen ansent oswa mwen gen kondisyon medikal sa yo ki afekte pa monitè GPS la:

- Mwen gen manm fanmi ki se sitwayen oswa rezidan pèmanan ki ap viv nan zòn sa a.
- Mwen te ale epi m ap kontinye ale nan odyans tribinal mwen yo.
- Mwen gen timoun piti. Yo gen _____ ane.
- Mwen gen yon/oswa plizyè timoun nan lekòl.
- Monitè GPS la ap lakòz mwen pwoblèm nan travay mwen, tankou

Lòt Enfòmasyon:.

Mèsi pou atansyon ou nan dosye sa a.

Sensèman,

(Siyati)

(Non Enprime)